

# L'inyè Pou Lekòl La

Me - Jen 2010

## Mwen P'ap Janm Manke Anyen

*Jason Padgett*

Nou tèlman vin abitye ak kèk pasaj nan Bib la ke yo kapab pèdi fòs yo pou lavi nou. Li pa bon lè sa rive, paske kèk nan pwomès ki pi bèl yo se sa yo ke nou pran alalejè oubyen nou bliye lè nou plis bezwen yo ; oubyen sa k' kapab pi mal se lè nou pa kite yo ede nou nan pwoblèm pa nou yo ! Yonn nan pasaj sa yo se vèsè premye a nan Sòm 23 : « Senyè a se Gadò mwen, mwen p'ap janm manke anyen ». Nou konnen vèsè sa a byen. Nou menm di ke nou renmen li, men èske nou vrèman sezi reyalyte gran verite vèsè sa a : Yon pitit ki fidèl devan Bondye p'ap janm manke gran pwovizyon Bondye ?

Malgre vèsè sa a sanble yon bagay senp e ankourajan, èske nou vrèman kwè li nan yon fason ki chanje lavi nou ?


Pou yon pitit Bondye konnen li p'ap janm manke nan resous Bondye se yon bagay ki kapab libere li. Mwen kapab fikse je mwen sou bagay etènèl olye fikse je mwen sou lide monn sa a e viv kòm si lavi mwen nan monn sa a te depann sou pwòp tèt mwen, abilitè mwen ak talan mwen. Mwen kapab pi fasil distenge dezi egoyis mwen ak vrè bezwen mwen e toujou jwenn satisfaksyon. Pa kite fraz sa a twonpe ou : « Mwen p'ap janm manke anyen ». Ou ap toujou genyen anpil bagay ke ou menm pou kont ou ou santi ou « manke », men Bèje ou an ban ou asirans ke ou p'ap janm manke anyen lè ou swiv Li fidèlman. Se menm jan yon mèt boutik te di yon fwa lè li t'ap refize achte yon bagay nan men vandè a : « Tande, frè m', nan peyi sa a tout sa nou vle genyen pa vle di nou

bezwen li ».

Lè nou viv konsa, sa kapab chanje fason nou renmen e bay. Lè Bondye se sous lavi nou, nou pa bezwen chache pwòp resous pa nou anvan nou kapab angaje tèt nou pou ede lòt moun oubyen bay nan travay Bondye. « Mwen p'ap janm manke anyen » vle di plis pase pwòp bezwen tèt mwen, men li vle di tou abilitè mwen pou sèvi lòt moun poutèt Senyè a. Tout moun ki nan sèvis kretyen byen konprann verite sa a. Hudson Taylor, yon gran misyonè, te ekri nan jounal li :

« Papa nou ki nan syèl la se yonn ki fè anpil esperyans. Li konnen byen ke pitit Li yo leve grangou chak maten. . . . Li te pran swen twa milyon Izrayelit nan dezè a diran 40 lane. Nou pa espere ke li va voye twa milyon misyonè nan Chin ; men si Li ta fè sa, Li gen ase mwayen pou pran swen yo tout. . . . Ou mèt konte sou sa ; travay Bondye ki fèt selon volonte Bondye p'ap janm manke pwovizyon Bondye ».

Atik sa a soti nan Sword and Trumpet, July 2009.  
Itilize ak pèmisyon



# Ede Elèv Ki Toujou Tris

*Robert McDowell*

Rive laj douzan, Brayann te gen yon abitud rete tris tout tan. Li prèske pa t' janm ri e li te fache fasil. Li te fache anpil lè li te dwe obeyi oubyen koute paran li yo, pwofese li yo ak lòt otorite li yo. Move konpòtman li yo te aji mal sou zanmi li yo.

Souvan konpòtman sa yo nan yon timoun soti nan enfluyans lòt bagay nan lavi li. Gran frè Brayann te yon elèv entelijan. Li te pi fò pase Brayann, li te fè pi bon nòt nan lekòl e li te pi bon nan swiv lòd nan travay yo te ba li. Brayann te viv anba lonbray gran frè li. Paran li yo te fè li santi li pi ba pase gran frè li. Lè li te santi li pa bon ase, Brayann te manifeste tristès ak chagren.

Yon lòt bagay ki konn fè timoun yo pa kontan se lè yo santi yon mank respè lakay yo pou legliz la, pou lekòl la oubyen pou lòt moun ki nan pozisyon otorite. Si gen kòlè nan kay la, souvan ou kapab wè yon konpòtman kòlè tou nan timoun nan menm devan moun oubyen nan etablisman an. Yon paran ki pa respekte pwofesè yo kapab espere ke pitit li yo va reyaji menm jan.

Lè paran yo manke renmen yonn lòt, anpil fwa timoun yo pa kapab viv alèz. Renmen nan kay la se tankou yon lwil nan yon motè. Lè lwil la pa la, motè a kraze. Lè renmen an pa la, lespri timoun nan kapab kraze. Sa kapab parèt kòm yon tristès.

Dala te dènye pitit paran li yo e yo te toujou gate li. Depi bonè nan lavi li, paran li yo te ba li tout sa li te vle. Men lè Dala te rive nan laj pou li ale lekòl, lavi li te chanje paske nan lekòl li, li te anba disiplin pwofesè yo. Li te reyaji mal devan disiplin yo, e pwofesè yo pa t' jwenn sa yo t'ap atann nan men l'. Li pa t' fè leson yo alè. Li pa t' janm fè efò nan leson li yo e li te prèske manke fè bon mwayèn pou li monte nan lòt klas. Dala te gen abilite pou fè pi bon travay, men konpòtman li yo te jennen pwogrè lekòl li.

Se pa tout tan ke dispozisyon tris la soti lakay. Kèkfw tanperaman elèv la ak tanperaman pwofesè a pa menm. Kèkfw yon pwofesè ki kapab byen jere tèt pa li kapab santi li dezespere ak mank dilijans nan yon elèv ki toujou kalewès. Yon timoun ki manke kapasite oubyen ki manke dezi pou li fè bon travay kapab kraze pasyans pwofesè a. Lè timoun nan santi ke pwofesè a pa kontan menm ak mank efò li, li kapab kache kò li nan tristès.

Kèkfw se pwofesè a menm ki fè elèv la vire kont li. Mèt Dann souvan te fouye, ap chache traka. Fason li te ye te toujou fè ti pil tounen gwo pil. Li te souvan pini timoun yo pou ti bagay, oubyen li te pini yo menm lè yo pa t' fè anyen. Kritik Mèt Dann te dekouraje elèv li yo e lekòl te tounen yon batay ant pwofesè yo ak elèv yo olye yon sous pou yo aprann.

Se pa tout tan ke konpòtman tris nan yon elèv soti nan pwofesè a. Kèk elèv pa dakò ak lòt elèv e yo menm pase nan betiz yon elèv ki pa byen abiye oubyen ki pa abiye nan fason ki alamòd. Yo kapab menm imilye elèv yo ki pa bay bon repons paske yo pa aprann byen. Yo kapab menm ri yon timoun ke yo pran pou timoun « mòn ». Elèv la ke yo pase nan rizib kapab tante pou rayi lekòl la, goumen ak elèv ki ap pèsekite li yo, oubyen menm pa asepte efò kèk lòt elèv ki vrèman vle zanmi li.

Gen kèk timoun ki sanble ke se tris yo vle tris. Tout pwofesè fè erè pafwa oubyen pran desizyon ke elèv yo pa renmen. Lè sa rive, elèv ki gen konpòtman tris la va fache kont pwofesè a.

Jere yon elèv ki konsa mande anpil sajès ak lapriyè bò kote pwofesè a. Si ou pa kontwole yon elèv ki move konsa, li kapab tounen yon pwazon ki gaye nan tout klas la epi kraze tout bon travay

pwofesè a. Se pou pwofesè a reyaji touswit pou touye dife sa a.

Elèv yo ki tris pi difisil pou reprann konfyans yo pase yon elèv ki sèlman renmen fè dezòd. Konpòtman tris sa yo te grandi tanzantan nan elèv la, e rasin yo kèkfwa te gentan byen fon. Pwofesè a bezwen fouye fon pou rive nan rasin pwoblèm nan, pou li kapab chanje konpòtman elèv la e pou elèv la rive fè pwofesè a konfyans.

Pwofesè a dwe gen mizerikòd pou elèv la. Petèt se yon pwoblèm ki ap manje elèv la, petèt se pwofesè a oubyen yon bagay l'ap fè ki bay elèv la yon pwoblèm. Pa egzanp, yon elèv te fache ak pwofesè a paske li pa toujou sonnen klòch la alè. Se pou pwofesè a rele elèv la sou kote pou pale ak li pou kont li epi eseye jwenn kisa k'ap nwi li.

Yon pwofesè te mande de (2) elèv pou rete chita epi ekri poukisa yo gen move konpòtman nan lekòl la. Yo te ekri plis pase sa pwofesè a t'ap atann, yo te plen fèy papye a ak anpil gwo plent. Piske yo te fè sa pwofesè a te mande yo, li pa t' di yo anyen. Se kòm si yo te bezwen debarase yo paske, apre yo te fin lage chay yo sou papye a, yo te kolabore yo trè byen ak pwofesè a pou rès ane a.

Anpil fwa pran tan pou byen pale ak yon elèv kapab ede ou kraze baryè a, espesyalman si elèv la kapab santi ke pwofesè a vrèman enterese nan li. Souvan, pwoblèm elèv la se yon bagay yo imagine olye yon reyalyte. Anpil nan pwoblèm elèv yo kapab rezoud fasil si ou rele de (2) elèv yo ansanm. Ou kapab korije malkonprann yo, e si te gen ofans, elèv yo kapab rekonsilye. Sa kapab ede kè ki nan tristès la.

Pwoblèm lakay kapab pi difisil pou jere. Si pwofesè a pa santi li alèz pou antre nan mitan pwoblèm lakay yo, li kapab mande ed dirijan legliz la, oubyen ed direktè a. Li bon tou pou pwofesè a fè elèv la konprann ke l'ap mande ed la pou elèv la pa santi pwofesè a te trayi li.

Men kisa nou kapab fè pou yon elèv ki sanble fèmèn anndan yon lakou byen fèmèn e ki p'ap

kite nou antre ? Petèt paran li yo ta kapab ede nou. Nan ka konsa, li enpòtan anpil pou pwofesè a fè yon pale ak paran elèv la. Souvan lè yo met tèt ansanm, yo kapab ouvri pòt ki fèmèn an pi fasil. Elèv ki pi mal kapab fache ak tout moun. Lè tout mwayen nou eseye pa mache, pwofesè a dwe kontinye lapriyè. Bondye kapab itilize lapriyè efikas pitit Li yo pou kraze miray ki gwo yo.

Kèk elèv pa janm sere anyen ; yo toujou ap plenyen pou chak ti bagay. Yo kapab fè tout feblès pwofesè a parèt, yo pase nan rizib tout bagay espiritiyèl, oubyen yo pase nan jwèt tout efò pwofesè a pou ede nan sitiyasyon an. Si ou pa fè anyen pou sa, yon elèv konsa kapab kraze klas la. Premye etap la se pou antre nan konsyans timoun nan. Montre li ke derespektan e pase moun nan rizib se yon pwoblèm serye nan je Bondye.

Pifò timoun va tandè yon apèl sensè ki soti nan kè. Men se pa tout. Nan ka sa yo pwofesè a oblije fè menm jan ak yon doktè ki gen yon pasyan ak yon maladi lòt moun kapab atrape fasil—mete elèv la pou kont li pou yon tan. Li pa dwe kite elèv la chita nan mitan lòt elèv yo ; si gen manje nan lekòl la, fè l' manje pou kont li ; pa kite l' soti pandan rekreyasyon ni pa menm kite l' pale ak lòt elèv yo ditou. Pa mete li pou kont li pou tire revanj men pou anpeche maladi a gaye nan lekòl la. Si anyen pa mache, finalman ou ap oblije mete li deyò nan lekòl la.

Lè w'ap fè fas ak yon elèv ki fache, pa kite pwoblèm nan grandi. Reyaji pou rive nan rasin maladi a touswit. Si ou menm kòm pwofesè a se ou ki koze pwoblèm nan se pou ou enb ase pou pote eskiz e apre sa mande ed Bondye pou venk konsekans ofans lan. Se pou ou enterese nan elèv la tout bon e chache opòtinite pou montre li sa. Mete konfyans ou nan Bondye pou bay gerizon ; e lè gerizon an vini, di Bondye mèsi.

# Moun Pèpè

*Kaylene Bontrager*

Yon jou mwen t'ap poze devan yon tab nan restoran an kote mwen travay. Mwen t'ap fè manje, ap travay di tout maten an. Kounyeya mwen te jwenn de twa minit pou mwen poze, li yon jounal epi pran yon ti repa anvan fowl la parèt pou manje a midi.

Mwen te pantan lè yon vwa te pale byen fò nan zòrèy mwen : « M'ap lapriyè pou moun sa yo soti ! » Se te lòt demwazèl la ki te travay avè m' nan restoran an ki t'ap pale konsa. Mwen te fè yon ti gade pou wè moun yo. Je mwen te tonbe sou de (2) moun mwen te byen rekonèt ki t'ap soti nan pòt la. Mwen te fè yon ti kalkil pou m' konprann poukisa dam nan te deranje, men mwen pa t' kapab wè pouki rezon li te fache.

Mwen te mande li : « Poukisa ? » Mwen te vin wè ke dam sa a te vle debarase tèt li paske li te ban mwen anpil rezon ki te fè li santi moun sa yo ki te fèk soti a te dwe kite vil la. Pandan li t'ap pale e san li t'ap monte, mwen te reflechi sou de (2) moun sa yo. Tout moun te konnen yo sou ti non « moun pèpè » paske yo te fè komès achte vye machin, vye fèy ak vye bagay. Kay yo ak lakou yo, arebò vil la te plen ak bagay. Kamyon yo te ansyen e li te sal. Rad yo te sal e yo te gen twou. Anpil moun te gade yo mal, tankou fanm sa a ; yo te konsidere yo kòm yon bagay lèd, yon nwizans, yon anpèchman pou kalite sosyete yo t'ap eseye ankouraje a.

Mwen te sonje kouman de (2) moun sa yo te toujou vini chak maten nan restoran an pou pran kafe yo. Yo te toujou chita bò tab la ak lòt kliyan yo ki te vini chak maten. Souvan yo te ban mwen yon gwo souri, e yo te salye mwen ak yon bèl « Bonjour ! Kouman ou ye maten an ? » Mwen te sonje tou kouman pa twò lontan, yo te retire pitit gason yo nan lekòl leta a paske anpil nan lòt timoun yo t'ap maltrete li. Kounyeya yo t'ap eseye anseye ti gason an pou kont yo lakay yo. Briskeman dam nan te sispann pale e li t'ap tann repons mwen. Mwen te bay yon ti souri pandan mwen te di li ke mwen te renmen de (2) moun sa yo.

Li te reponn mwen : « Kouman ou fè renmen de moun sa yo ki pa vo anyen ! »

Mwen te di li : « Bondye poko fè anyen ki san valè ». Dam sa a te toujou di ke li se yon kretyen ki ede legliz li anpil, e mwen te panse sa ta kapab ede li reyalize sa li t'ap di. Men li pa t' santi sa mwen t'ap di li.

Li te reponn : « Kouman ou fè kwè yon manti konsa ! »

Mwen te chita tou sezi, mwen pa t' anpè ankò. San mwen te kòmanse monte. Kouman li fè kapab jije zanmi mwen yo konsa ! Ki moun li ye pou pran pòz ke se li ki kapab deside sa k' gen valè ak sa k' pa gen valè ! Briskeman kòlè mwen te disparèt. Olye pou m' wè fòt li, mwen te wè tèt mwen. Konbyen fwa mwen meprize sila yo ki antoure mwen ? Konbyen fwa mwen mete moun sou nivo diferan pou nenpòt rezon ? Sa te rete nan tèt mwen pou rès jounen an. Petèt mwen pa t' eklate menm jan ak li, men mwen pa t' gen eskiz. Li fasil pou jije valè yon moun. Li menm pi fasil pou jije valè yon moun ak tripotay oubyen ak yon mo ki mal tonbe pou leve tèt mwen e desann yon lòt moun.

Bib la pale di sou sijè jije yonn lòt. Bondye te kreye tout moun nan resanblans Li e nan imaj Li, e si mwen leve kèk moun e desann lòt se foli sa ye. Anplis sa, kouman mwen pral mezire yo ? Nenpòt mezi mwen kapab jwenn : kit se lajan, kit se popilarite, kit se entelijans, tout se lògèy. Si mwen ògeye poutèt kapasite Bondye ban mwen, sa vle di m'ap wont feblès mwen yo tou. Si mwen wont yo, m'ap eseye kache yo nan desann lòt moun yo ki bò kote mwen. Se sèlman lè mwen nan imilite asepte kapasite Bondye ban mwen e itilize li pou ankouraje lòt moun mwen rankontre, ke mwen kapab wè ke Bondye te kreye tout moun egal, menm moun pèpè yo.